



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMÈ SIBVANSYON NY PRIZE POU SENK MIKWOREZO ENÈJI ATRAVÈ NEW YORK**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse bourad lajan pou senk mikworezo atravè Eta New York nan kad premye faz NY Prize Community Microgrid Competition an. Mikworezo bay bakòp enèji enpòtan anpil pou rezo kominotè lokal pandan move tan oswa ijans. Benefisyè \$500.000 yo nan bourad lajan – ki gen ladann Kanpis Medikal Buffalo Niagara ak plizyè minisipalite atravè eta a – kounye a ap lanse etid fezablite anvan kòmansman konstriksyon mikworezo yo. Konpetisyon an fè pati plan Reforming the Energy Gouvènè a (REV), pou kontwi yon rezo enèji pi pwòp, pi rezistan ak pi bon mache pou tout Nouyòkè.

“Kominote sa yo ap fè yon gwo pa annavan nan sekirize fiti enèji yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Ak garanti yon apwovizyonman enèji san rete, sant medikal ak kominote kapab founi ak plis garanti sèvis enpòtan anpil epi pi byen pwoteje sizoka gen yon kataswòf ki frape. M ankouraje kominote atravè eta a patisipe nan pwogram NY Prize la pou rann sistèm enèji yo pi solid ak pi rezistan.”

Premye senk sibvansyon NY Prize Microgrid Competition lan, \$100.00 yo chak, pral finanse etid fezablite nan chak kote. Benefisyè yo se: Kanpis Medikal Buffalo Niagara; sèvis elektrisite ki asosye ak vilaj Bath, Westfield ak Sherburne; ak zòn East Hampton nan Long Island. Y ap asepte soumisyon pou lòt sibvansyon jiska dat 15 me – w ap jwenn detay nan <http://www.prize.ny.gov>. Aplikasyon pou bourad lajan dezyèm ak twazyèm etap la, benefisyè premye etap yo kalifye pou resevwa l, ap disponib pandan ete a.

Depi tout tan, mikworezo sèvi yon sèl itilizatè, tankou yon inivèsite oswa lopital. NY Prize vle elaji kad la ak koneksyon plizyè itilizatè, tankou yon seri kay ak biznis, atravè yon rezo ki relye sou sous enèji pwòp, solid ak bon mache. Mikworezo ogmante chwa kliyan, garanti solidite, ogmante rezistans epi pwoteje anviwonman.

Benefisyè kalifye pou bourad lajan NY Prize Microgrid Competition lan se otorite lokal, òganizasyon kominotè, òganizasyon ki pap fè lajan, konpayi kap fè lajan ak sèvis sèvis piblik ki se pwopriyete minisipalite yo. Pwojè potansyèl yo dwe entegre nan rezo sèvis piblik yo epi sèvi plizyè kliyan, enkli owmen yon kliyan “enfrastrikti enpòtan”, tankou lopital, estasyon lapolis, ponpye oswa sant tretman dlo.

[Sitwèb](#) la genyen tou enfòmasyon sou NY Prize Opportunity Zones, ki se zòn jeyografik konpayi distribisyon elektrik lokal idantifye nan New York kote mikworezo ka bese kontrent rezo elektrik, epi eliminte pri elve investisman nan enfrastrikti. New York State Energy Research ak Development Authority ap administre NY Prize Community Microgrid Competition lan, avèk sipò ki soti nan Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè Cuomo a.

Prezidan konsèy Enèji ak Finans Richard Kauffman te di konsa, “Mikworezo kominotè kapab pwoteje rezidan ak biznis kont kèk efè devastatè yo anrejistre apre siklòn tankou Sandy, Irene ak Lee epi mwen kontan wè anpil vil ak ti vil atravè New York ki plis viktim siklòn sa yo rantre nan premye faz konpetisyon NY Prize sa. Teknoloji mikworezo se jis yon eleman nan efò Eta a nan konstriksyon yon enfrastrikti enèji ki pi rezistan, solid ak efikas.”

Prezidan Direktè Jeneral NYSERDA, John B. Rhodes, te di konsa, “Dapre plan REV Gouvènè Cuomo a, Eta a kontinye ap transfòme fason elektrisite a distribiye. Moun ki genyen yo ap dirije travay la pou pwofite benefis investisman nan yon mikworezo kominotè. Solisyon tou nèt sa pral pote pi gwo solidite elektrik pou rezidan ak biznis kominote sa yo, menm jan tou l ap bese pann kouran, pwoteje anviwonman epi bese presyon rezo.”

Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon apre Siklòn Gouvènè a, Jamie Rubin, te di konsa, “Sipèsiklòn Sandy ak lòt siklòn resan di yon lòt fwa ankò nesite gi genyen pou enfrastrikti rezistan atravè Eta New York epi sitou nou bezwen gen aksè nan kouran bakòp pou resous kap elektrifye ominote nou yo epi akselere rekiperasyon. Atravè reyalizasyon NY Prize Microgrid la, Eta a anba lidèchip Gouvènè Cuomo ap pozisyon l ankò kòm yon lidè nan devlopman solisyon tou nèt ki pral rann nou pi bon ak pi solid. Lè li envite inovasyon nan biznis, antrepriz ak sèvis elektrik atravè Eta a ak peyi a epi lè li konplete sa ak lòt mezi rezistans pwogram NY Rising Community yo ap pote, konpetisyon sa ap chèche inspire yon nouvo pwodiksyon kouran kominotè, epi mete nou pi pre yon New York yo reimajine.”

### **Etid fezablite mikworezo ki genyen yo se:**

#### **Long Island – Pwojè Mikworezo Kominotè Long Island lan, Konte Suffolk**

Pwojè a pral evalye si li bon pou nou entegre enèji solè ak stokaj enèji pou reponn ak demann elektrik nan yon kominote ki gwosi nan senk fwa popilasyon li pandan ete, epi tou ki espoze ak michan siklòn oseyan pandan lane. Nan kad pwojè sa, kominote a pral etidye enstalasyon jiska 15 megawat (MW) kouran solè nan yon konbinezon ak yon sistèm stokaj enèji 25 megawat/lè, ki va bay kouran solè nan kominote a leswa, ak nan sèvis esansyèl pandan yon pann. Yon megawat ka bay kouran pou plis pase 200 kay gwosè mwayen.

#### **Southern Tier – Sistèm Dlo ak Gaz Elektrik BATH, Konte Steuben**

Pwojè a va konbine kouran sou baz rezo ak yon gwo enstalasyon dijasyon (gaz nan kouran) anayewobik ki va pwodi elektrisite nan destriksyon fatra òganik ki soti nan sant

tretman dlo sal peyi a ak lòt sous. Sistèm sa va pèmèt kominote yo kontinye resevwa kouran sizoka yon pann rezo. Bath te sibi yon pann kouran pandan lontan nan mwa fevriye 2014 ansanm ak pri enèji pi wo pase sak nòmal nan moman an. Paske anpil rezidan vil la chofe ak elektrisite, sa kite anpil rezidan san chofaj epi ak pri enèji pi chè nan mitan yon ivè glase.

### **Southern Tier - Vilaj Sherburne, Konte Chenango**

Pwojè a va jwenn kouran anpati atravè chalè ak kouran konbine (CHP) ak sous renouvlab. Kominote riral 1300 moun sa espoze ak koupi kouran, sitou pandan siklòn ete yo. Sèvis vital tankou depatman ponpye ak lapolis, Village Hall, yon klinik sante ak sant tretman dlo sal la manke pwodiksyon bakòp ijans, epi va resevwa kouran pandan yon pann atravè yon mikworezo.

### **Western New York – Depatman Elektrik Vilaj Westfield la, Konte Chautauqua**

Pwojè va gen ladann 2 MW oswa yon pi gwo enstalasyon CHP pou konplete kouran kap soti nan rezo elektrik la. Vilaj la resevwa kouran sèlman ki soti nan yon sèl liy rezo, epi si liy sa tonbe 3.200 rezidan kominote a pèdi kouran. Ak anpil lokal ki konte sou elektrisite pou jere chofaj espas, yon pann kouran pwolonje va koze gwo difikilte pandan anpil nan mwa fredri yo. Depatman bay tou kouran esansyèl pou depatman ponpye ak lapolis, sant tretman dlo ak sèvis medikal.

### **Western New York – Kanpis Medikal Buffalo Niagara, Konte Erie**

Pwojè a va founi kouran nan toulede kanpis yo ki gen 12.000 anpwayer ak katye Fruit Belt ki tout kole la. Mikworezo otonòm sa va konbine elektrisite sou baz ezo ak enèji solè ak yon sistèm CHP sou plas pou ogmante efikasite. Sistèm lan tap gen anplis avantaj pou l founi elektrisite nan Kanpis Medikal la ak kominote anviwonman yo sizoka gen yon pann kouran.

### **Enfòmasyon sou Refòm Vizyon Enèji a**

Anba inisyativ Gouvènè Cuomo pou Refòm Vizyon Enèji, Eta New York pral atire inovasyon enèji pwòp, pote nouvo investisman, amelyore chwa kliyan pandan lap pwoteje anviwonman ak dinamize ekonomi New York. Apwòch orijinal sa a bay Nouyòkè yo nouvo opòtinite pou ekonomize enèji, pwodi enèji lokal, ak ranfòse fyabilite. Pou reyalize objektif devlopman ekonomik ak anviwonman Eta, Refòm Vizyon Enèji a anglobe inisyativ eta a tankou Fon pou Enèji Pwòp ak \$1 milya NY Green Bank pou simonte obstak ki nan mache a epi atire kapital prive. Lè yo abilite kominote yo ak kreyasyon travay atravè pwogram tankou Community Solar NY ak K-Solar pou lekòl yo, konpetisyon \$40 milyon dola NY-Prize pou kominote mikworezo ak inisyativ \$1 milya dola NY-Sun, New York ap ogmante enèji enstitisyon eta li yo ak ajans gouvènman pou entegre resous enèji lokal epi satisfè bezwen kominote New York yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418